

ARCH CREEK

Arch Creek se yon kantite dlo ki istorikman koule soti nan Everglades sou bò kote Lès nan Biscayne Bay. Non an sòti de yon pon natirèl kalkè ooliticki gen longè 40 pye (12 m) ak 20 pye (6m) lajè ki te pase sou ti rivyè a.



An 1892, premye wout konte a te pase sou pon natirèl la, pita li te vin Dixie Highway. Pandan plizyè ane, te gen plan pou eksploze pon an, redirije ti rivè la, e menm bati yon espas pou machin izaje sou pwopriyete a. Aprè gwo lobi gwoup sitwayen tankou Tropical Audubon Society, Miami-West India Archological Society ak Arch Creek Trust, Florida Cabinet te vote alinanimite pou prezève pwopriyete a an 1973. Kèk èdtan apre yo fin siyen dokiman ofisyèl yo, pon natirèl la te tonbe nan ti rivyè a. Yo te detèmine ke ewozyon, laj, konbine avèk trafik oto ak vibrasyon ray tren ki te tou pre a, se te rezon ki fè li te tonbe.



▲ Pyonye yo ki ap vizite pon natirèl la sou kawòs cheval ap rale, apeprè 1910. Foto ki se koutwazi HistoryMiami Museum

Yo te ofisyèlman ouvè Arch Creek Park nan dat 25 avril 1982. An 1986, yo te finalman konstwi yon replik pon natirèl la.

▲ Pon natirèl Arch Creek ki te tonbe nan mwa fevriye 1973.

▲ Kat postal pon Arch Creek, apeprè 1920



▲ Gason ki ap fè lapèch sou bò pon natirèl Arch Creek la, 1920

